

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Naskah *Wawacan Abu Nawas* mangrupa naskah Sunda kuno anu asalna ti Kabupatén Garut. Ieu naskah mangrupa koléksi Bapa Endos warga Désa Ngampalang, Kacamatan Cilawu, Kabupatén Garut. Dina kaca panghareupna aya tulisan anu negeskeun waktu dijieunna/disalinna ieu naskah nya éta wanci *Asar, poé Saptu, bulan Sawal 1325H*, upama dikana-Maséhi-keun mah kurang leuwih antara taun 1902-1903. Naskah anu kandelna 67 kaca téh, kiwari umurna kurang leuwih geus 108 taun.

Naskah anu eusina nyaritakeun ngeunaan kapercékaan/kabinangkitan Abu Nawas téh digurit dina wangun pupuh. Anapon pupuh anu digunakeunna sakabéhna aya 18 kanto anu diwangun ku 310 pada di antarana: Asmarandana 82 pada (26%), Sinom 66 pada (21%), Kinanti 60 pada (19%), Dangdanggula 22 pada (7%), Magatru 41 pada (14%) jeung, Pangkur 39 pada (13%).

Dina panalungtikan struktur-sémiotik, masalah nu dipedar diwatesan kana fakta carita (struktur faktual hiji carita) anu ngawengku palaku, galur jeung latar, tur unsur sémiotik nu mangrupa ikon, indéks, jeung simbol. Dina ieu panalungtikan ogé dipedar tiori-tiori nu dijadikeun tatapakan pikeun nalungtik masalah nu dianalisis. Sangkan teu méngpar jauh jeung hasilna bener. Sedengkeun métode nu digunakeun pikeun panalungtikan nya éta métode deskriptif analisis.

Hasil analisis struktur carita kana ieu naskah bisa dicindekkeun: tokoh anu jadi palaku dina ieu carita wawacan aya 14 urang anu kabagi kana 2 palaku utama, 4 palaku kadua, jeung 7 palaku tambahan. Galur anu digunakeunna nya éta galur mérélé, dina unggal subcarita diwangun ku gerak tahapan galur dimimitian ku *éksposisi*, *komplikasi*, *klimaks*, *révélas*i, jeung ahir carita anu bungah (*denouement*). Latar dina ieu carita wawacan aya 43, kabagi kana tilu kelompok: 1) latar tempat aya 16 (37%), 2) latar waktu aya 14 (35%) jeung, 3) latar suasana aya 12 (28%).

Sabada ditalungtik unsur sémiotik anu kapanggih dina ieu naskah wawacan kabéhna aya 82 tanda anu kabagi jadi tilu: (1) anu kaasup kana tanda ikon aya genep (7%), (2) anu kaasup kana tanda indéks aya 32 jenis (39%) anu kabagi kana opat kritéria (aktualisasi 3,125%, kalakuan 81,25%, gejala alam 3,125%, jeung gejala pisik 12,5%) jeung, (3) anu kaasup kana tanda simbol aya 44 jenis (54%). Tina ieu perséntaseu katitén yén tanda anu panglobana kapanggih nya éta tanda simbol.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu karya sastra. Ieu saran didugikeun ka 1) pikeun para panalungtik filologi, 2) mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah (Sunda), jeung 3) pikeun dijadikeun bahan rujukan kana bahan pangajaran sastra.

1) Saran ka para panalungtik filologi

Sanggeus dilakukeun panalungtikan mah gening sastra buhun téh loba ngandung ajén-inajén anu luhung. Ku kituna naskah-naskah anu masih kénéh bacacaran téh kudu diguar sangkan bisa kabaca ku generasi ngora. Dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakuranganana. Ku kituna bakal leuwih hadé lamun aya panalungtikan anu leuwih husus medar ngeunaan ulikan filologi kana ieu naskah wawacan. Dipiharep aya lajuning laku pikeun nyampurnakeun ieu panalungtikan.

2) Saran ka para mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah

Dina ngama'naan hiji karya sastra boh puisi, prosa boh drama, para mahasiswa alusna mah maké ulikan sémiotik sabab dina karya sastra, di jerona téh euyeub pisan ku tanda-tanda anu kudu disurahan.

3) Sanajan ieu panalungtikan téh henteu dipatalikeun kana bahan pangajaran, tapi dipiharep ieu skripsi bisa dijadikeun rujukan pikeun bahan pangajaran sastra hususna di tingkat SMA, jeung paguron luhur.